



LOTTERIES AND GAMING
BOARD

CLIENT SERVICE CHARTER



NHUNGAMIRO KUBVA KUNA MINISTER WEZVEMATONGERWO EMUKATI MENYIKA NENHAKA YETSIKA



Nzvimbo yeMitambo yeMhemberero neMitambo (*Lotteries and Gaming*) ibazi rinokosha rinobatsira mushanduko yeupenyu hwevanhu nemayererano nezvehupfumi nezvemagariro evanhu muZimbabwe, richitsigira zvinangwa zvekusimudzira nyika kuburikidza nemabasa emitambo anotongwa nemitemo, ane hunhu hwakanaka uye anoonekwa pachena. Bazi iri rinopa vanhu vazhinji mikana yekuzorora nekuvaraidzika. Maererano

ne*National Development Strategy 2* (NDS2), hurumende yeZimbabwe inoramba ichisimbisa masisitimu ehutongi, kuvandudza mitemo yekutonga uye kukurudzira kudyara mari kwakachengeteka mumatunhu ese ezvehupfumi. Nekuda kweizvi, Bhodhi re*Lotteries and Gaming* (LGB) rinoramba riri chinhu chikuru chinodiwa kuti ritonge uye richengetedze kutendeseka, kuzvidavirira, uye kuteerera mitemo pakuitwa kwemitambo yemhemberero nekutamba.-

Hurumende yeZimbabwe inosimbisa kuzvipira kwayo kusingashanduki pakukurudzira maitiro akanaka, kusimbisa kuteererwa zvakasimba kwemwero yenyika neyepasi rose, uye kuchengetedza kuti mari inobva mumitambo inobatsira zvakananyanya mukuchengetedzwa kwevanhu, kusimudzirwa, hutano, dzidzo, mitambo yemasimba, nezvimwe zvinokosha zvenyika. Kutamba nemazvo, kuchengetedzwa kwevatengi, uye kuchengeteka kwekudyara mari zvinoramba zviri zvinhu zvinokosha zvikuru. Vanoshanda vese vanokurudzirwa kuremekedza kukosha kwemarezinesi avanopiwa uye kuchengetedza tsika dzeonekwa pachena, kururamisira, nekuzvidavirira. Vatambi ndivo musimbotti webazi iri, uye kuchengetedzwa kwavo kunoiswa pakati penzira dzese dzekutonga nekushanda.

Kuburikidza nehutongi hwakanaka, maitiro eunyanzvi, uye kuenderana kwebazi iri ne*National Development Strategies*, bazi remitambo rinogona kubatsira zvakananyanya mukuzadziwa kweVision 2030. *Ministry* yeZvematongerwo eMukati menyika neNhaka yeTsika inosimbisazve kuzvipira kwayo kutarisira kuteererwa zvazazara kwemitemo, maitiro ezve mabhizinesi ane hunhu, uye ane mwero yepamusoro yekutendeseka mukutonga mubazi remitambo. Chinangwa chedu chinoramba chiri kusimudzira nzvimbo yekutamba yakachengeteka, inoonekwa pachena, uye inozvidavirira inochengetedza vanhu ichikurudzirawo budiro yakarongeka yebazi iri; mitambo yemhanza inofanira kuitwa nguva dzese nemazvo. Vanhu vanokurudzirwa kutora chikamu mumitambo nekungwarira uye kushandisa nzira dzekudzivirira dziripo dzekudzivirira nekuderedza kukuvadzwa kunobva mumitambo.-

Vanoshanda nevadyari vemari vese vanoyeuchidzwa kuti kutora chikamu mubazi remitambo kunoda kuteererwa zvakasimba kwemitemo nemirawo inotonga bazi iri. Kuteerera mitemo hakuna kusarudzika uye kunokosha pakuchengetedza musika wakanaka, wakachengeteka, uye

unokwikwidzana. Izvi zvinosanganisira mitoro yemarezinesi, kushuma mari, mwero yekutamba nemazvo, zvinodiwa zvekudzivirira kuchenesa mari yakabiwa, uye kuteerera maitiro ebasa akatenderwa. Kuteerera mitemo kunochengetedza nzvimbo yebhizinesi yakachengeteka, inofanotaridzika, uye ine hunhu inotsigira budiriro yebazi inogara, inochengetedza vatengi uye kutendeseka kwebazi.--

Nekunzwisisa kumwe, mari inowanikwa mumitambo ine basa rinokosha pakutsigira zvirongwa zvezvematongerwo ezvehupfumi nezvemagariro zvinobatsira zvinangwa zvebudiriro yenyika, zvichisanganisira masevhisi emagariro akavandudzwa, zvirongwa zvekutsigira nharaunda, uye kusimudzirwa kwezvehupfumi kwakawedzera.-

Hon. Kazembe Kazembe (MP) Minister weZvematongerwo eMukati Menyika neNhaka yeTsika

SHOKO RASACHIGARO WEBHODHI RELOTTERIES AND GAMING BOARD

Bhodhi reLotteries and Gaming Board rinoramba rakaenderana zvakanaka ne*National Development*

Strategy 2 (NDS2) segwaro renyika, richisimbisazve kuzvipira kwaro pakutonga bazi remitambo



neunyanzvi, kuenzana, uye kutendeseka. Maererano nehurongwa hwezvehupfumi hweHurumende yeZimbabwe, hunokurudzira masangano ese ehurumende kusimbisa masisitimu ehutongi, kutora shanduko yedigital, kuvandudza kupa kwemasevhisi, uye kukurudzira budiriro yezvehupfumi hunogara, bazi remitambo muZimbabwe rinoramba richichinja richipindura nzvimbo yemabhizinesi inochinja-chinja yakaumbwa netechnology inovandudzwa, maitiro emisika anochinja, uye zvinotarisirwa zvinowedzera pakuteererwa kwemitemo. Nekudaro, Bhodhi riri kusimbisa masisitimu ekutarisira, kuvandudza nzira dzekutonga njodzi, uye kuvandudza kushanda kwemasevhisi mukutevera zvinangwa zvenyika zvekukwikwidzana muzvehupfumi.

Chati iyi yeMasevhisi eVatengi inoratidza kuzvipira kwedu pakuzvidavirira, kuvhurika, uye kutonga kune mazvo. Inotsanangura mwero inogona kutarisirwa nevane mvumo, zvinotungamirira zvatinochengetedza, uye zvipikirwa zvatinoita kuchengetedza kuti bazi iri rishande nehunhu hwakanaka, rakachengeteka, uye richiteerera zvakanaka mitemo yenyika.

Sezvati kuvandudza masisitimu nekugadzirisa nzira dzekuita kuti bhizinesi rive nyore, tinoramba takazvipira kuchengetedza vanhu vanotamba mitambo, kukurudzira kudyara mari kune hunhu, uye kubatsira mubudiriro yenyika yezvematongerwo ezvehupfumi nezvemagariro.

Mukuzadzisa basa redu remasevhisi, ticharamba tichisimbisa masisitimu ekutonga, kukwidziridza mwero yemasevhisi evatengi, uye kubatana nevane mvumo vanoonekwa pachena kuchengetedza kuti bazi remitambo rirambe riri mazvo, rinotongwa zvakanaka, uye rakaenderana nezvinangwa zvebudiriro yenyika.

Dr. E Chidhakwa, Sachigaro LOTTERIES AND GAMING BOARD

SHOKO RAMUKURU WEMABASA (CHIEF EXECUTIVE OFFICER)



Kutonga nekushanda kwebazi remitambo muZimbabwe kunoramba kuri mutoro nebasa reBhodhi re*Lotteries and Gaming Board* sezvakatarwa ne*Lotteries and Gaming Act [Chapter 10:26]*. Pasi penhungamiro ye*National Development Strategy 2 (NDS2)* hurumende yeZimbabwe yakaisa pamberi kuita bhizinesi nehunhu zviri nyore uye kubatanidza masangano kuti kusimbise nekuvandudza kushanda kwekutonga uye kuwedzera kubatana nevane mvumo. Munyaya iyi, Bhodhi re*Lotteries and Gaming Board* rinozvhipira kupa sevhisi inoshanda zvakanaka, inoonekwa pachena, uye yakaenderana nemaitiro epamusoro epasi rose.

Vane mvumo, vachisanganisira vadyari vemari, vashandi, vanochengetedza mutemo, vatambi, nevanhu vamwe vese, ndivo vanokosha pakuramba kwebazi remitambo. Sangano rinofara mukuwanda kwevane mvumo mubazi remitambo iro rinovandudza mabasa ekutonga nekuteererwa kwemitemo nekururama.

Chati iyi inosimbisazve kuzvipira kwedu kuchengetedza kuti vane mvumo vese vanowana masevhisi emhando yakanaka, kutaurirana nenguva yakakodzera, uye kubatwa nekuenzana maererano nemutemo. Bhodhi riri kuvandudza masisitimu aro emukati, kuvandudza kuchengetwa kwedata, kusimbisa kutarisira kwekuteererwa kwemitemo, uye kudyara mari muzvishandiso zvedigital kuchengetedza kupa kwemasevhisi zvakanaka. Kutamba nemazvo kunoramba kuri chinhu chinokosha, uye Bhodhi riri kuwedzera dzidziso, kuzivisa, uye zviringwa zvekuderedza kukuvadzwa kunobva mumitambo. Tinokurudzira kubatana sezvatinoramba tichisimbisa bazi iri nekutsigira mubatiro waro mubudiriro yenyika.

G. Mutobaya MUKURU WEMABASA (CHIEF EXECUTIVE OFFICER) LOTTERIES AND GAMING BOARD

1.0 NHANGANISO

Chati iyi inoshanda segwaro rinotungamirira vane mvumo neVatengi maererano neBhodhi re*Lotteries and Gaming Board* (inozivikanwa pano se 'Bhodhi') mabasa, zvinotarisirwa pakupa masevhisi, kodzero, mitoro, uye nzira dzekutaurirana. Inoratidza kuzvipira kweBhodhi pakuita masevhisi emhando yepamusoro uye inosanganisira zvinodiwa zvakaenderana ne*National Development Strategy*, inoisa pamberi kutonga zvakanaka, kukurudzira kudyara mari kunobatsira, kugadziridzwa kwesangano, uye shanduko muzvematomongerwo ezvehupfumi nezvemagariro. Mukuita izvi, Bhodhi re*Lotteries and Gaming Board* rinotevedzera zvinotungamirira zvekuonekwa pachena, kuzvidavirira, kururamisira nekutendeseka pakuita basa rawo.-

2.0 Chinangwa cheChati

Kuburikidza neChati iyi, inobva muHurongwa Hwepamusoro hweBhodhi [2026 – 2030], Bhodhi rinoda kuzadzisa zvinangwa zvinotevera:

2.1 kuzivisa vatengi nezvemasevhisi anopiwa neBhodhi

2.2 kutungamirira vatengi mukuwana ruzivo rwebhizinesi uye rwekutonga senge redhiyo (*radar*) yemusika wemitambo yemhemberero nekutamba.

2.3 kubatsira mukusimudzira kuburikidza nechirongwa chekukura pamwe chete

2.4 kukurudzira kutamba nemhemberero nemazvo, tichitarisisa musimbati webazi remitambo yemhemberero nekutamba, ivo vadi vemitambo

2.5 kugadziridzazve uye kuramba tichivandudza nzira dzekushanda, kusanganisira kubvisa michina, midziyo nemasisitimu asina mhando yakanaka

2.6 kukurudzira budiriro yezvematongerwo ezvehupfumi nezvemagariro

2.7 kuchengeta neKutonga Chikwata cheMari che*Lotteries and Gaming Fund*

2.8 kuronga mwero yakajeka yemasevhisi uye zvinotarisirwa pakuita basa.

2.9 kusimbisa kuzvidavirira nekuonekwa pachena pakupa masevhisi.

2.10 kukurudzira maitiro akanaka pakati pevanoshanda nevane mvumo.

2.11 kutsigira *National Development Strategy* pakusimbisa masangano nekukurudzira kudyara mari.

3.0 Tsanangudzo yeMazwi

Bhodhi: Bhodhi re*Lotteries and Gaming Board*

Chishandiso chemutambo: Chero chishandiso chinoshandiswa zvakananga kana zvisina kunangana nemutambo wemhanza, apo bheti rinoiswa uye pane mukana wekuhwina kana kurasikirwa.

Mhemberero: chero hurongwa, gadziriro, sisitimu kana chishandiso icho mubairo unowanikwa kana ungawanikwa, unosarudzwa, kana unokwikwidzirwa nemhanza, madhaisi, kana chero imwe nzira yemhanza.

Kukuvadzwa nemutambo: Migumisiro yakaipa kana kutambudzika kunokonzerwa nekutora chikamu mumitambo yemhanza pasina hunhu.

4.0 RUZIVO NEZVEBHODHI RELOTTERIES AND GAMING BOARD

Bhodhi rakagadzwa ne*Lotteries and Gaming Act [Chapter 10:26]* chikamu 3: ‘Nokudaro pave neBhodhi rinozivikanwa se*Lotteries and Gaming Board*, iro richava sangano rine mvumo yekusungwa nekusungisa nezita rawo, uye, zvichitevera Mutemo uyu, kuita chero chinhu chingaitwa nesangano nemutemo’

Mabasa eBhodhi anosanganisira:

4.1 kutonga nekudzora budiriro nemashandiro emitambo yese yemhemberero nekutamba

4.2 kupa, kuvandudza, kuendesha nekumisa marezinesi maererano nemitambo yemhemberero nekutamba

4.3 kuchengetedza kuti vane marezinesi vateerera mitemo yemarezinesi iwayo

4.4 kutsanangura nzvimbo dzingavakwa nekushandiswa maKhasino

4.5 kupa zano kuna *Minister* ane basa rezvemari maererano nemitero uye kushandiswa kwemari iri muChikwata cheMari

4.6 kubvumira zvishandiso zvemitambo

4.7 kuita chero rimwe basa ringapiwa kana kuiswa paBhodhi maererano neMutemo uyu kana chero mumwe mutemo.

Mukuzadzisa basa iri, Bhodhi rakaisa nzira dzekusimbisa kuteererwa kwemitemo, kukurudzira kutamba nemazvo uye kuchengetedza vanhu, kuchengetedza kuti mari inowanikwa mumitambo inotsigira budiriro yezvematongerwo ezvehupfumi nezvemagariro uye kupa masevhisi emhando yepamusoro kuvatengi vese nevane mvumo.--

5.0 Chiono

Kuva chiremera chekutonga mitambo yemhemberero nekutamba chine mhando yepasi rose kusvika muna 2030.-

6.0 Chinangwa

Kutonga bazi remitambo yemhemberero nekutamba nekururamisira, nekuenzana uye neunyanzvi kuti kuve nenzvimbo yekutamba yakachengeteka.

7.0 Dzidziso

Hunhu hwakanaka hunopa upenyu hurefu.

8.0 Tsika Dzinokosha

8.1 Kutendeseka-kutendeka

8.2 Kuonekwa pachena-kuvhurika

8.3 Kuzvidavirira-kupindura pamusoro pezviito

8.4 Hunyanzvi-unhu hwekukwirira kupfuura vamwe

8.5 Ubuntu-hunhu nemutoro wakaenzana unobva mudzidziso yechiAfrica

9.0 GWARO REMITEMO YEMHANDO

Bhodhi re*Lotteries and Gaming Board* rakazvipira kupa masevhisi ekutonga emhando yepamusoro anochengetedza maitiro emitambo akachengeteka, anoteerera mitemo uye ane hunhu. Kuburikidza nekugara vachivandudza uye kuteerera zvakasimba mitemo yehutongi, Bhodhi rinoda kupfuudza zvinotarisirwa nevatengi nevane mvumo.-

10.0 Zvipikirwa Kuvatengi Vedu

Bhodhi rinopawo zvipikirwa zvinotevera kuvatengi varo maererano negwaro remitemo yemhando uye mitemo yemabasa yevashandi:

10.1 Kururamisira

Pakugadzirisa marezinesi, kuvandudza, uye kubvumidza mukati menguva dzinozivswa nguva nenguva uye kuita ongoro nekutarisira kuteererwa kwemitemo nekururamisira uye neunyanzvi.

10.2 Kuenzana: pakubata nevatengi, Bhodhi richabata vatengi vese nekururamisira uye neunyanzvi. Kusarura kupi nekupi kunobva panzvimbo yekubva, rudzi, ukama hwevanhu, chitendero, boka rerudzi, maonero ehungwaru kana ezvematongerwo enyika kana zvimwe zvinofungwa zvega hazvibvumidzwe.

10.3 Maitiro Evashandi: Bhodhi nevashandi varo vachazvizivisa kuvanhu nezvidhindo zvemazita kana ID pazvinodikanwa nekupfeka mazita/*madigital* ekuzivikanwa kana yunifomu munguva dzebasa. Vachava nemhuri, netsika, neushamwari, vanofunga nezvevamwe uye vanochengeta vatengi vese uye vanobatsira.

10.4 Kukurumidza Kupindura: Bhodhi nevashandi varo vakazvipira kupa ruzivo rwakarurama uye nenguva yakakodzera kuvatengi vese nekune vanhu vese

10.5 Kukodzera: Bhodhi nevashandi varo vachashanda kuchengetedza kuti mhando yemasevhisi anopiwa inosangana nezvinotarisirwa nevatengi maererano nemitemo iripo, mirawo, uye nhungamiro dzichichengetedza zvakatipoteredza.

10.6 Chivande: Bhodhi nevashandi varo vachachengeta muchivande ruzivo rwakapiwa kuhofisi kana kuvakuru vayo uye vachairishandisa chete nechinangwa chairipiwa.

10.7 Nzira Yekusarudza: Bhodhi nevashandi varo vanotsvaga kuenzanisa pakati pekukurumidza kusarudza nekuongorora chinhu chiripo uye vanopa zvikonzero zvesarudzo dzinoitwa

10.8 Hunyanzvi, Bhodhi nevashandi varo vachaita mabasa avo neunyanzvi uye nekuvimbika.

10.9 Kuzvidavirira, mabasa eBhodhi nevashandi varo achaitwa nenzira inozvidavirira uye inoonekwa pachena.

10.10 Kusvikika: Bhodhi rinoedza kusvikika chaizvo uye pamhepo, uye riri pa44 Lawson Avenue, Milton Park, Harare apo mahofisi anovhurwa kubva na0800hrs kusvika na1630hrs kubva Muvhuro kusvika Chishanu (kunze kwemazuva emhemberero yenyika). Webhusaiti yeBhodhi ndeye: www.lgb.co.zw uye *email* ndeye: info@lgb.co.zw

10.11 Kuparadzira Ruzivo

Bhodhi richaparadzira ruzivo rwakajeka, rwakarurama, uye nenguva yakakodzera kuvatengi vese kuburikidza newebhusaiti, matsamba, mhepo yenhau, mabhurocha, mapepa madiki, mabhiribhodhi, masitikha, mafiraya, uye zvinhu zvekukurudzira senge ngowani nemajezi ane zita reBhodhi.

Ruzivo nezvemabasa eBhodhi reLotteries and Gaming Board achagoveranwa kuburikidza ne:

10.11.1 Website: www.lgb.co.zw

10.11.2 Email: info@lgb.co.zw

10.11.3 Mafoni epamutemo +263(24)22702986

10.11.4 Nzvimbo dzepamutemo dze*Social Media*.

10.11.5 Facebook: Lotteries and Gaming Board

10.11.6 WhatsApp. +26371593649

10.11.7 Matsamba nezvinyorwa zvepamutemo.

10.11.8 Misangano

10.11.9 Mawokishopi

10.11.10 Makonferenzi

10.11.11 Dzidziso yevanhu nemishandirapamwe yekuzivisa.

10.11.12 Zvinyorwa, mabhurocha, mafiraya uye kusvitsa mashoko kune vanotarwa.

10.11.13 Mikwenyaunzo

10.11.14 Kushanyira mahofisi kwevatengi

11.0 Kodzero Dzevatengi

Vatengi vane kodzero yekuwana:

- 11.1 sevhisu yekutonga mitambo yemhemberero nenguva yakakodzera uye neunyanzvi.
- 11.2 ruzivo rwakajeka nenhunganamiro pamusoro pezvinodiwa nemitemo.
- 11.3 kubatwa nekukuramisira uye pasina rutsauko.
- 11.4 chivande uye zvakananzika.
- 11.5 kugadzirwa kwemarezinesi nenziira yakanaka.
- 11.6 kuisa zvichemo nekugamuchira mhinduro.
- 11.7 kukwidza mhosva kanaMinister kana zvichidikanwa

12.0 Mitoro Yevatengi

Vatengi vanotarisirwa ku:

- 12.1 teerera zvinodiwa zvese nemitemo.
- 12.2 kupa ruzivo rwakarurama uye rwakazara.
- 12.3 kuchengetedza maitiro akanaka pakuita zvese.
- 12.4 kuremekedza nzira dzemasevhisi nenguva dzakatarwa.
- 12.5 kushuma chero mabasa emitambo asiri emutemo kana asina hunhu.
- 12.6 Zvakavanzika zvepamutemo nechivande

13.0 Kutamba Nemazvo

Bhodhi rakazvipira kukurudzira maitiro emitambo akachengeteka uye ane mazvo kuburikidza nekudzidzisa vanhu nezvengozi dzine chekuita nemitambo yemhanza, kuisa nzira dzinodzivirira uye dzinoderedza kukuvadzwa kunobva mumitambo, uye kuchengetedza kuti vanoshanda vanoteerera mwero yekutamba nemazvo.-

14.0 Kuteerera Kwemitambo Nevadyari Vemari Nevanoshanda Vese

vanoshanda nevadyari vemari vanofanira ku:

- 14.1 teerera zvakasimba mitambo yese yemitambo inoshanda.
- 14.2 chengetedza kuonekwa pachena uye kururama pakushuma mari.
- 14.3 chengetedza maitiro akanaka pakushanda.
- 14.4 shandisa nzira dzekutamba nemazvo.
- 14.5 batsirana zvakananzika neongororo, ma-odhiti, uye kutariswa nemitemo.
- 14.6 Kusateerera mitambo kuchakonzera zviito zvekugadzirisa, mhosva, kana kudzoswa kwemarezinesi ekushanda.-

15.0 Mubatiro Muzvematongerwo Ezvehupfumi Nezvemagariro-

Sechikamu chebasa rawo rakawedzerwa, Bhodhi re*Lotteries and Gaming Board* richachengetedza kuti mari inowanikwa mumitambo inoshandiswa mubasa rebudiriro yezvematongerwo ezvehupfumi nezvemagariro munzvimbo dzese dzenyika maererano neChikamu 53(2) che*Lotteries and Gaming Act [Chapter 10:26]*

16.0 Kuzvipira Kwedu

Bhodhi re*Lotteries and Gaming Board* rakazvipira kupa masevhisi ekutonga uye ehutongi anoshanda zvakanaka, anoonekwa pachena, uye ane unyanzvi anochengetedza kutendeseka kwebazi remitambo pachichengetedza zvinodiwa nevanhu. Takazvipirawo kubatana nevane mvumo uye kugadzirisa zvichemo nekukurumidza, nekuonekwa pachena, uye neunyanzvi. Ticharamba tichivandudza masisitimu edu, kusimudzira hunyanzvi hwemasevhisi, kuchengetedza kutendeseka mukutonga, uye kukurudzira bazi remitambo rine mazvo uye rinobudirira rinobatsira zvakanyanya mubudiriro yezvematongerwo ezvehupfumi nezvemagariro.-

17.0 Mhinduro Dzevatengi

Mhinduro dzinogona kutumirwa kuburikidza nenzira dzakatarwa dzemasevhisi evatengi. Kana zvisina kugadziriswa, zvichemo zvinogona kukwidziswa kuna Minister weZvematongerwo eMukati Menyika neNhaka yeTsika.

18.0 ZVIBEREKO ZVECHATI YEMASEVHISI EVATENGI

Chati iyi inopa zvibereko zvinotevera kusangano, vatengi, nevane mvumo:

18.1 kuvandudzwa kwekujeka nekushanda zvakanaka kwemasevhisi anopiwa.

18.2 kusimudzirwa kwekuzvidavirira neunyanzvi.

18.3 kusimbiswa kwekuchengetedzwa kwekodzero dzevatengi.

18.4 kuvandudzwa kwekuvimbika kune vane mvumo, chivimbo chevadyari vemari, uye kuteererwa kwemitemo.

18.5 kutsigira maitiro emitambo ane mazvo.

19.0 Mwero Yemasevhisi

Bhodhi richachengetedza kuti pamasevhisi anotevera arinopa, mwero yakaiswa mutafura ichateverwa

MASEVHISI ANOPIWA	MWERO
Kupa kana kuvandudza Rezinesi reCasino Mazuva 21 ebasa rekugara	
Kupa kana kuvandudza Rezinesi Mazuva 21 ebasa reMhemberero	
Kupa kana kuvandudza Rezinesi Mazuva 21 ebasa reTotalizator	
Kupa kana kuvandudza Rezinesi Mazuva 21 ebasa reTotalizator	
Kupa kana kuvandudza Rezinesi reImba Mazuva 21 ebasa yeMitambo	
Kupa kana kuvandudza Rezinesi reImba Mazuva 21 ebasa yeMitambo	
Kupa kana kuvandudza Rezinesi Mazuva 21 ebasa reBookmaker	

Zvikumbiro zvese zvekutanga uye zvekuvandudza marezinesi zvichagadzirwa mukati memazuva makumi maviri nerimwe (21) ebasa kubva pazuva rinobvumwa neMukuru weMabasa, kana wamiririra, kuti kwakagamuchirwa chikumbiro chakazara uye chinoenderana nemitemo.-

20.0 Nzira Dzekutaurirana

Bhodhi re*Lotteries and Gaming Board* rakazvipira kuchengetedza kutaurirana kunoshanda uye kunokurumidza kupindura nevatengi, vane mvumo, vatambi, nevanhu vese. Mhinduro dzese nezvichemo zvinofanira kuendeswa ku:

Mukuru weMabasa (*Chief Executive Officer*)

Lotteries and Gaming Board

44 Lawson Avenue, Milton Park, Harare

Tel: +263 242 702986 / 257033 / 257037

Cell: +263 714 583 125

Email: info@lgb.co.zw

Website: www.lgb.co.zw

WhatsApp: +263 713 961 556

21.0 MHEDZISIRO

Bhodhi re*Lotteries and Gaming Board* rinoziva kuti hutongi hwakanaka, kutonga kunoshanda, uye kutamba nemazvo ndizvo zvinokosha pakuramba kwebazi remitambo nekuvimbika kwaro. Kuburikidza neChatu iyi yeMasevhisi eVatengi yakaenderana neNDS2, Bhodhi rinosimbisazve kuzvipira kwaro pakuonekwa pachena, unyanzvi, uye budiro yenyika.-